

NGUNDHAKAKE KATRAMPILAN NULIS AKSARA JAWA
KANTHI SANDHANGAN SWARA SISWA KELAS VIII B SMPN 3 NGUNUT
KANTHI DOLANAN KARTU *TEBAK* AKSARA
TAUN PAMULANGAN 2015/2016

SRI RUMINI (13020114094), Prof. Dr. UDJANG PAIRIN M. BASIR, M.Pd

Jurusan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

sriruminie@gmail.com

ABSTRAK

Adhedhasar KTSP ketrampilan nulis Jawa klebu salah sawijine ketrampilan kang kudu dikuwasani murid. Panliten iki munjerake ing materi nulis aksara Jawa kanthi sandhangan swara, kelas VIII B SMP Negeri 3 Ngunut. Murid kelas VIII B kasebut minangka sumber data ing panliten iki, nduweni kawasisan kang kurang ing babagan nulis aksara Jawa kanthi sandhangan swara.

Undheraning panliten iki yaiku kepriye ngundhakake ketrampilan guru, aktivitas siswa lan ngundhakake pasinaon siswa ing sajrone piwulangan nulis aksara Jawa nganggo sandhangan swara. Tujuan panliten iki yaiku ngandharake undhak – undhakane keaktifan guru, siswa lan undhakake asi pasinaon. Manfaat panliten iki yaiku kanggo panliti dhewe, kanggo guru lan kanggo siswa.

Panliten iki nggunakake teknik *permainan tebak aksara* yaiku metode kang nggunakake kartu minangka medhiane lan nuntut murid supaya bisa nulis aksara Jawa kanthi sandhangan swara. Panliten iki kaperang dadi 2 siklus kanthi sapatemon saben sikluse. Ing saben patemon ana 4 tahapan kang kudu ditindakake, yaiku tahap ngrencanakake kegiatan, nindakake kegiatan, *observasi*, lan *refleksi*. Panliten iki nggunakake metode *deskriptif kuantitatif* lan teknik ngumpulake data nggunakake *observasi*, tes, lan lembar cathetan kanthi pangolahe data nggunakake *statistik deskriptif*.

Asile panliten iki nuduhake yen asile piwulangan murid ing materi nulis aksara Jawa kanthi sandhangan swara saya ningkat sawise digunakake teknik *permainan tebak aksara*. Kanthi biji katuntasan minimal 70 lan katuntasan kelas kudu nggayuh 80%, ing siklus I ana 15 murid kang tuntas, dene 19 murid kang durung tuntas. Rata – rata klas kang digayuh yaiku 69,7% lan persentase ketuntasan maksimal nggayuh 55,9%. Ing siklus II murid kang tuntas dadi 28 murid, dene 6 murid durung tuntas. Rata – rata klas nggayuh 80,08%. *Aktivitas* guru ing siklus I mung antuk persentase 63.3%, ing siklus kang pungkasan utawa siklus II persentasine saya ningkat dadi 81.67%. *Aktivitas* murid ing siklus I mung kasil nggayuh persentase 57.5%, lan ing siklus II, persentasene saya ningkat dadi 82.5%. Anane owah-owahan ing asile *evaluasi* murid sarta *aktivitas* guru lan murid bisa disimpulake yen teknik *permainan tebak aksara* bisa ningkatake kawasisan nulis aksara Jawa kanthi aksara swara murid kelas VIII B SMP Negeri 3 Ngunut.

Tembung kang wigati: sandhangan swara, tebak aksara

PURWAKA

Landhesane Panliten

Nulis mujudake piranti komunikasi ora langsung sing wujud bisa dideleng. Kanthi nulis siswa bisa ngandharake apa sing diweruhi lan panemu-panemu utawa kekarepane kanthi wujud tulisan. Saka asil nulis mau siswa bisa ngeling-eling apa wae panemune jalaran ana wujud sing bisa dideleng utawa diwaca saben wektu.

Katrampilan nulis aksara Jawa uga mujudake aspek sing paling wigati sajroning pasinaon basa Jawa. Aksara Jawa mujudake sawijine budaya adiluhung sing isih digunakake nganti jaman saiki (Riyadi, 1996:01). Aturan-aturan nulis aksara Jawa

sing durung dimangerteni dening siswa, kayata panulisane pasangan, sandhangan, lan sapanungale.

Kahanan kang kaya mangkono iku, perlu anane pamulangan nulis aksara Jawa sing paling *efektif*. Salah sawijning pamulangan kang *efektif* kasebut, yaiku kanthi pamulangan sing nduweni makna kanggo siswa. Pamulangan sing nduweni makna kasebut bisa nganggo sarana metodhe pamulangan sing cocog, teknik utawa medhia sing nyenengake, lan siswa diajak langsung melu sajrone proses pamulangan kanthi teknik dolanan sing nyenengake saengga siswa bisa nyinaoni materi aksara Jawa kanthi lancar lan ngrasa seneng.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, panliti sajrone panliten iki kapengin ngetrapake

permainan kartu *tebak aksara* sajrone pamulangan nulis aksara Jawa mligine legena. Kanthi pangetrapan medhia kang trep lan nyenengake kayata permainan kartu *tebak aksara* dikarepake bisa gawe siswa rumangsaana ing donyane dhewe lan ora rumangsa kabotan nampa materi aksara Jawa mligine legena. Kahanan siswa sing seneng sajrone nyinaoni aksara Jawa ndadekake pamulangan nulis aksara Jawa bakal lumaku gampang saengga bisa ningkatake katrampilan siswa sajrone nulis aksara Jawa. Panliten kanthi nggunakake medhia kartu iki bakal ditrapake ing kelas VIII B SMP Negeri 3 Ngunut, Tulungagung. Kanthi asil saka panliten iki diajab bisa didadekake bahan tetimbangan dening para guru sajrone nindakake pamulangan kang luwih inovatif.

Underane Panliten

Underane panliten saka panliten iki, yaiku:

- (1) Kepriye undhak-undhakane keaktifan guru kelas VIII B SMPN 3 Ngunut sajrone mulang nulis aksara Jawa kanthi sandhangan swara nggunakake metode permainan kartu *tebak aksara*?
- (2) Kepriye undhak-undhakane keaktifan siswa kelas VIII B SMPN 3 Ngunut sajrone nulis aksara Jawa kanthi sandhangan swara nggunakake metode permainan kartu *tebak aksara*?
- (3) Kepriye undhak-undhakane asil pasinaon siswa kelas VIII B SMPN 3 Ngunut sajrone nulis aksara Jawa kanthi sandhangan swara nggunakake metode permainan kartu *tebak aksara*?

Hipotesis Tindakan

Panliten iki dirancang nggunakake rong siklus, saben siklus ditindakake kanthi patang tahap, yaiku tahap ngrencanakake kegiatan, tahap nindakake kegiatan, observasi lan refleksi. Kanthi rong siklus mau bisa dideleng ningkatake aktivitas lan asile sinau siswa lan bisa digawe hipotesis saka panliten iki, yaiku:

- (1) Pangetrapane modhel piwulangan kooperatif bisa ningkatake asile pasinaon siswa sajrone nulis aksara Jawa kanthi sandhangan swara.
- (2) Pangetrapane modhel piwulangan kooperatif bisa ningkatake aktivitas siswa sajrone nulis aksara Jawa kanthi sandhangan swara.

- (3) Pangetrapane dolanan kartu bisa ningkatake asile pasinaon siswa sajrone nulis aksara Jawa kanthi sandhangan swara.
- (4) Pangetrapane dolanan kartu bisa ningkatake aktivitas siswa sajrone nulis aksara Jawa kanthi sandhangan swara.
- (5) Pangetrapane dolanan kartu bisa ningkatake aktivitas guru sajrone nulis aksara Jawa kanthi sandhangan swara.

Tujuwane Panliten

Tujuwane panliten adhedhasar underane panliten kang kaandharake ing ndhuwur kaya ing ngisor iki.

- (1) Ngandharake undhak-undhakane keaktifan guru kelas VIII B SMPN 3 Ngunut sajrone mulang nulis aksara Jawa kanthi sandhangan swara nggunakake permainan kartu *tebak aksara*.
- (2) Ngandharake undhak-undhakane keaktifan siswawelas VIII B SMPN 3 Ngunut sajrone nulis aksara Jawa kanthi sandhangan swara nggunakake permainan kartu *tebak aksara*.
- (3) Ngandharake undhak-undhakane asil pasinaon siswa kelas VIII B SMPN 3 Ngunut sajrone nulis aksara Jawa kanthi sandhangan swara nggunakake permainan kartu *tebak aksara*.

Paedahe Panliten

Panliten iki dikarepake bisa aweh paedah tumrap panliti, guru basa Jawa, lan siswa. Paedahe panliten, yaiku:

- (1) Paedah kanggo panliti, bisa oleh pengalaman ngenani panliten katrampilan nulis aksara Jawa kanthi teknik permainan *tebak aksara*.
- (2) Pedah kanggo guru basa Jawa, bisa didadekake *alternatif* sajrone milih metodhe lan teknik kang apik lan cocog kanggo pamulangan nulis aksara Jawa.
- (3) Paedah kanggo siswa, yaiku weneh pengalaman anyar sajrone nyinaoni katrampilan basa, mligine nulis aksara Jawa.

Wewatesane Tetembungan

Wewatesan tetembungan ing panliten iki dikarepake bisa nyingkiri saka salah teges anggone negesi tetembung sajrone irah-irahan panliten *Ngundhakake Katrampilan Nulis Aksara Jawa Kanthi Sandhangan Swara Siswa Kelas VIII B SMPN Ngunut Kanthi Dolanan Kartu Tebak Aksara Taun*

Pamulangan 2015/2016. Mula saka kuwi wewatesane tetembungan ing panliten iki, yaiku:

- (1) Katrampilan nulis, yaiku Aksara Jawa, yaiku sawijining warisan budaya Jawa sing asring sinebut aksara nglegena, kanthi cacah 20. Minangka aksara sing dienggo sajrone bebrayan Jawa (Trullyjogja, 2007:1).
- (2) Teknik pamulangan, yaiku Teknik Pamulangan, yaiku cara kang dinggo sawijining uwong kanggo ngimplementasikake sawijining metodhe kanthi cara kang spesifik (Kemp sajrone Kunandar, 2008:126).
- (3) Teknik permainan *tebak aksara*, yaiku salah sawijining teknik kang nengenake pamulangan kang nyenengake kanthi cara klompok adhedhasar bangku kang sejajar. Saben kelompok bakal diwenehi pitakonan sajrone kertas *aksara* kang diwenehake guru marang siswa. Kertas *aksara* kasebut ngemu maneka pitakonan ngenani aksara Jawa kang wis ditugasake kanggo diapalake ing minggu sadurunge. Sistem teknik iki saben klompok ana 5 siswa. Kertas *aksara* awujud tulisan latin, siswa urutan 1 nulis aksara Jawa, siswa urutan 2 nulis latine saka 1, kaya mangkono sateruse. Klompok kang kalah bakal oleh *punnishment* kang wis disetujui dening siswa sakelas.

TITINGAN KAPUSTAKAN

Panliten kang Saemper

Panliten ngenani pangetrapan medhia sajrone pamulangan nulis aksara kang saemper, antarane:

Anestasia Wahyu Tiarasari (2013) *Peningkatan Katrampilan Menulis Aksara Jawa melalui Modeling The Way dengan Medhia Flash Card pada Siswa Kelas IV SDN Mangkangkulon 01 Semarang*. Sajrone panliten iki ngandharake menawa aktifitas siswa sajone pamulangan aksara Jawa endhek, ketuntasan klasikal amung 44%. Saliyane iku, guru uga ora nggunakake medhia kanthi optimal sajrone ngandharake materi. Kanggo mrantasi bab iki panliti nggunakake model pembelajaran *modeling the way* kanthi medhia *flashcard*. Kanthi medhia iki guru menahi tuladha menyang siswa kepriye cara nindakake lan nggunakake medhia wujud kartu *bergambar*. Lumantar cara iki, siswa bisa meruhi langsung lan mrekatokake dhewe. Kanthi pengetrapan medhia iki ketuntasan klasikal mundhak dadi 83,1%.

Endah Agustina (2013) *Pangembangan Medhia Animasi Flash sajrone Ngundhakake Kawasisan Nulis Pasangan Aksara Jawa Siswa Kelas VII SMPN 1 Pagerwojo, Tulungagung Taun Ajaran 2012/ 2013*". Padha karo panliten sadurunge, ing panliten iki katrampilan siswa sajrone nulis aksara

Jawa isih sangisore KKM. Saka asil panliten iki disebabake amarga cara pamulangan lan medhia kang digunakake monoton, yaiku buku lan papan tulis. Kanthi bab kasebut, panliti nggunakake medhia kang manfaatake teknologi, yaiku medhia *animasi flash*. Medhia iki dijangkepi tata cara panulisan, tuladha lan latihan soal. Kanthi medhia iki siswa bisa sinau lan latihan soal dhewe sauger wis nduweni aplikasi medhia iki kang kudu diinstal ing komputer. Kanthi nggunakake medhia iki ngasilake undhak-undhakan sajrone asil sinau lan aktifitas siswa.

Panliten ing ndhuwur padha ngrembug ngenani panggunane medhia sajrone pamulangan nulis aksara Jawa. Pambada antarane panliten-panliten saemper karo panliten kang bakal ditindakake iki yaiku ing medhia kang bakal digunakake sajrone piwulangan lan objek panlitene. Objek panliten ing paliten iki yaiku siswa kelas VIII B SMP Negeri 3 Ngunut. Medhia pasinaonan kang bakal digunakake yaiku medhia kartu *tebak aksara*.

Piwulangan Aksara Jawa ing SMP Kelas VIII

Sinau minangka sawijining tumindak kang ana gandheng rapete karo siswa sajrone proses pamulangan. Ing proses pamulangan siswa kudu bisa mangerteni lan nguwasani materi kang diandharake dening guru. Slamet (2010:2) sinau yaiku sawining proses upaya kang ditindakake pawongan kanggo nggayuh tumindak kang anyar, minangka asil pengalaman pribadi saka lingkungane.

Sardiman (2011:21) ngandharake menawa sinau minangka rerangkening kagiyatan jiwa-raga, psiko-fisik kanggo tumuju ing pangrembakane pribadi manungsa sautuhe. Sinau sastra ora mung bisa paham marang hakekat sastra, nanging bisa weneh apresiasi karya sastra kasebut.

Proses pamulangan aksara Jawa ing kene yaiku ngenal, meruhi lan ngetrapake (nulis). Proses pamulangan iki luwih nengenake ngenani apalan, gegayutan karo bab iki siswa-siswa rada kangelan yen diutus apalan. Saliyane iku, katrampilan apalan iku ora bisa lumaku kanthi suwe. Gegayutan karo bab iku mula guru kudu bisa nyiptakake metode utawa cara kang efektif sajrone pamulangan nulis aksara Jawa.

Katrampilan Nulis

Tarigan (2008:3) ngandharake yen nulis mujudake sawijining katrampilan basa sing digunakake kanggo komunikasi kanthi cara ora langsung, ora kanthi adhep-adhepan karo wong liya. Andharan kasebut salaras karo pratelane Lado (sajroning Basir, 2010:29) kang ngandharake katrampilan nulis yaiku kawasisan jroning proses pangolahan lan pamedhare gagasan kanthi runtut, logis, lan nduweni makna saengga bisa menahi pemahaman imajinatif marang pamaose kanthi maksimal. Sabanjure Poerwadarminta (1989:968)

negesi nulis yaiku tumindak nglairake gagasan utawa pikiran lumantar tulisan.

Nulis iku nduweni paedah kang wigati tumrap sapa bae, ing antarane yaiku (1) bisa ngenali kawruh lan potensi dhiri ngenani sawijining topik tartamtu, (2) nglatih ngrembakake gagasan kanthi cara nata panalaran kanthi basa kang logis, faktual lan argumentatif, (3) njembarake wawasan lan pengalaman, (4) bisa nglatih ngekspresekeke sawijining gagasan lumantar basa kanthi cara tinulis, (5) bisa nintingi lan mbiji gagasane dhewe kanthi cara luwih objektif lan tanggungjawab, lan (6) luwih gampang ngrampungake prakara (Basir, 2010: 29).

Medhia

Miturut *Asosiasi Teknologi lan Komunikasi* (sajrone Sadiman, 2005:7) medhia minangka sakabehe wujud utawa sarana kang digunakake pawongan kanggo nyalurake pesen utawa pawarta. Gerlach lan Ely (sajrone Arsyad, 2008:3) ngandharake yen medhia yaiku manungsa, materi, utawa kedadeyan kang nuwuhake sawijining kahanan kang bisa ndadekake siswa mikolehi kawruh, kawawasan, utawa laku. Kanthi luwih mligi medhia ditegesi minangka alat-alat *grafis, fotografis*, utawa *elektrolis* kanggo nampa lan ngolah informasi *visual lan verbal*.

Saka andharan kasebut bisa didudut yen medhia yaiku samubarang kang bisa digunakake kanggo medharake materi pamulangan saka sumber pasinaon menyang siswa. Saliyane iku, medhia uga bisa nuwuhake rangsangan pikiran sarta kekeparepan siswa, saengga kagiyatan pamulangan luwih efektif lan tujuwan instruksional bisa kagayuh.

Jinis-jinis Medhia Pamulangan

Akeh jinis medhia kang wis diweruhi lan digunakake sajrone pamulangan sasuwene iki. Saben-saben jinis medhia kasebut bisa diklompokake miturut karakteristik lan sipat-sipate medhia kasebut. Medhia miturut Sadiman (2005: 28), yaiku:

(1) Medhia grafis

Medhia iki kagolong medhia visual, kayadene medhia umume medhia iki nduweni paedah kanggo nyalurake pesen saka sumber menyang kang nampa pesen. Saliyane iku, medhia grafis uga bisa kanggo narik kawigaten lan ndadekake sawijining panemu dadi luwih cetha. Medhia iki kagolong murah, penak anggane ngggawe, lan prasaja. Kang kagolong medhia iki yaiku gambar utawa foto, sketsa, grafik, bagan, diagram, poster, kartun, papan flanel, peta, lsp. Medhia iki uga sinebut medhia rong dimensi, amarga nduweni ukuran amba lan dawa.

(2) Medhia audio

Medhia iki gegayutan karo pangrungon. Pesen kang dikandhut diwedharake lumantar lambang-lambang auditif, senajan verbal utawa non verbal. Kang kagolong medhia iki yaiku radio, piranti kanggo ngrekam pita magnetik, piringan hitam, laboratorium basa.

(3) Medhia proyeksi diam

Medhia iki meh padha karo medhia grafik yaiku menehi rangsangan visual. Kang mbedakake medhia grafis karo medhia iki yaiku ing medhia grafis bisa interaksi langsung karo pesen kang dikandhut medhia. Ing medhia iki pesen kasebut kudu ditampilake karo proyektor supaya bisa ditampa dening panampa pesen. Kang kagolong medhia iki yaiku film bingkai (*slide*), video, OHP, OHT, mikrofis, film, TV, lsp.

Paedah Medhia Pamulangan

Musfiqon (2011:35) ngandharake fungsi medhia yaiku: 1) ngundhakake efektivitas lan efisiensi pamulangan, 2) ngundhakake gairah sinau siswa, 3) ngundhakake minat lan motivasi sinau, 4) ndadekake siswa interaksi langsung karo kasunyatan, 5) mrantasi modalitas sinau siswa kang ora padha, 6) proses komunikasi sajrone pamulangan bisa luwih efektif, lan 7) ngundhakake kuwalitas pamulangan.

Saka panemune para ahli ngenani paedah medhia pamulangan kang antara siji lan sijine nduweni inti padha yaiku mbiyantu proses pamulangan supaya siswa bisa mangerteni marang materi. Bab kasebut nduweni tujuwan ora liya yaiku kanggo ngundhakake kuwalitas pamulangan ing pawiyatan.

Kriteria Pamilihing Medhia

Medhia minangka komponen saka sakabehe tujuan instruksional, mula saka iku sajroning milih medhia kudu nggatekake kriteria kang paling utama. Medhia kang dipilih kudu salaras karo taraf pikirane siswa supaya apa kang kinadhut ing medhia kasebut bisa ditampa siswa kanthi gampang. Musfiqon (2011:118) uga ngadharake ngenani kriteria pamilihan medhia kang didhasarake ing aspek kasalarasan mutu medhia lan kawawasan guru anggane nggunakake medhia kasebut, yaiku 1) kasalarasan karo tujuwan, 2) kahanane siswa, 3) biayane thihik, 4) mutu teknis, 5) kawawasan guru, 6) ananemedhia, 7) panggunaane medhia kang trep.

Medhia Kertu

Kertu kang dienggo sajrone panliten iki yaiku kartu aksara Jawa kang kaperang saka aksara lan ukara. Medhia kartu kang digunakake ing kene ana telung jinis, yaiku kartu aksara, kartu tembung utawa lan kartu ukara. Kartu kasebut digawe saka kertas bufalo utawa pelangi kanthi rupa warna-werna, banjur dilaminating supaya bisa awet. Kartu kang digunakake ing siklus 1 lan 2 beda.

Ing siklus 1 kartu kang digunakake yaiku kartu aksara lan tembung. Dene ing siklus 2 kartu tembung lan ukara. Aturan permainan kartu *tebak aksara* yaiku siswa dibagi dadi 5 kelompok lan baris miturut kelompokke dhewe-dhewe. Siswa paling ngarep dhewe diparingi utawa milih kartu kang atulis aksara siji-siji, banjur dibedhek iku aksara apa ditulis ing lembaran

kertas kanthi aksara Latin. Sawise iku, kertase diparingne kanca mburune amrih ditulis nggunakake aksara Jawa, kaya mengkana nganti teka anggota kelompok palng mburi. Yen asil mburi padha kaya sing neng ngarep ateges bisa nerusake ing tahap sabanjure yaiku kartu tembung. Yen asile ora padha kelompok kasebut kudu ngambali saka wiwitan maneh, lan diwiwiti saka siswa paling mburi.

Aksara Jawa

Budaya Jawa saliyane kondhang kanthi basa lan tata kramane uga nduweni huruf utawa aksara Jawa. Aksara kasebut ora sokur dumadi ngono wae nanging ana sejarah sajrone dumadine aksara iki. Sajroen crita kasebut kinadhut makna lan filosofi ngenani piwulangan luhur ngenani sikap ksatria, sikep andhahan menyang ndhuwuran, amanah ngenani tugas kang diduweni, jujur, andhap asor, angkara murka kang dikalahake dening kabecikan ,lan sapanunggal. Sejarah aksara Jawa iku asale saka Hindustan, ing ngendi akeh aksara kang salah sijine yaiku pallawa. Dijenengi Pallawa amarga asale saka salah sawijine kerajaan yaiku kerajaan Pallawa. Aksara Pallawa minangka ibu aksara kang ana ing Nusantara, antarane: aksara hanacaraka, aksara Rengcong.

Aksara Jawa iku cacache ana 20, kang lahir saka crita Ajisaka. Ajisaka yaiku sawijine pemudha nggantheng kang sekti mandraguna saka pulau Majethi. Aksara kasebut diciptakake minangka pangling-eling tumrap abdi setiane Ajisaka yaiku Dora lan Sembada, lumantar deretan tulisan:

ꦲꦤꦱꦶꦗꦶꦤꦶꦁꦑꦼꦫꦶꦠ

Ana sawijining cerita

ꦲꦤꦺꦱꦶꦗꦶꦤꦶꦁꦠꦫꦸꦁꦠꦤꦶꦁ

Anane sawijining tarung tanding

ꦲꦤꦠꦫꦸꦁꦠꦤꦶꦁꦠꦫꦸꦁꦠꦤꦶꦁ

Kalorone padha-padha sektine

ꦲꦤꦠꦫꦸꦁꦠꦤꦶꦁꦠꦫꦸꦁꦠꦤꦶꦁ

Lan pungkasane padha dadi bathange (kekarone mati.)

Miturut Padmosoekotjo (1989: 13) aksara Jawa iku diarani Dentawyanjana. Denta tegese untu lan wyanjana tegese aksara. Dadi Dentawyanjana salugune ateges aksara untu, nanging lumrahe ditegesi carakan, yaiku urut-urutaning aksara Jawa wiwit saka ha tekan nga. Saliyane iku, ana uga kang ngarani nglegena utawa wuda. Ateges, aksara kang durung entuk tambahan sandhangan.

Aksara Jawa sajrone panggunanane mbutuhake pasangan kanggo nyampurnakake panulisan aksara Jawa. saben aksaraJawa nduweni pasangan dhewe-dhewe kaya ta ing ngisor iki:

| | | | | |
|----------------|--------------|------------|------------|------------|
| ꦲꦤꦱꦶꦗꦶꦤꦶꦁꦑꦼꦫꦶꦠ | ꦲꦤꦶꦁꦠꦫꦸꦁꦠꦤꦶꦁ | ꦲꦤꦠꦫꦸꦁꦠꦤꦶꦁ | ꦲꦤꦠꦫꦸꦁꦠꦤꦶꦁ | ꦲꦤꦠꦫꦸꦁꦠꦤꦶꦁ |
| ꦲꦤꦶꦁꦠꦫꦸꦁꦠꦤꦶꦁ | ꦲꦤꦠꦫꦸꦁꦠꦤꦶꦁ | ꦲꦤꦠꦫꦸꦁꦠꦤꦶꦁ | ꦲꦤꦠꦫꦸꦁꦠꦤꦶꦁ | ꦲꦤꦠꦫꦸꦁꦠꦤꦶꦁ |
| ꦲꦤꦠꦫꦸꦁꦠꦤꦶꦁ | ꦲꦤꦠꦫꦸꦁꦠꦤꦶꦁ | ꦲꦤꦠꦫꦸꦁꦠꦤꦶꦁ | ꦲꦤꦠꦫꦸꦁꦠꦤꦶꦁ | ꦲꦤꦠꦫꦸꦁꦠꦤꦶꦁ |
| ꦲꦤꦠꦫꦸꦁꦠꦤꦶꦁ | ꦲꦤꦠꦫꦸꦁꦠꦤꦶꦁ | ꦲꦤꦠꦫꦸꦁꦠꦤꦶꦁ | ꦲꦤꦠꦫꦸꦁꦠꦤꦶꦁ | ꦲꦤꦠꦫꦸꦁꦠꦤꦶꦁ |

Sandhangan Swara

Sandhangan swara yaiku sandhangan kang digunakake kanggo njangkepi aksara legena supaya fonem dhasar {a} bisa dadi swara liyane. Sajrone nulis askaraJawa uga mbutuhake sandhangan supaya ukarane bisa rinacik kanthi trep. Sandhangan ing aksara Jawa iku ana akeh, antarane sandhangan swara, sandhangann wiyanjana, lan sandhangan panyigeg wanda. Ing panliten iki ora bakal ngrembug sakabehe sandhangan kasebut nanging amung mligi ngrembug ngenani sandhangan swara. Supaya luwih cetha ing ngisor iki diandharake ngenani sandhangan swara:

| Sandhangan | Kanggone | Tuladha |
|---------------------------|-----------|--------------|
| wulu (.....) | Swara "i" | sapi = ꦱꦩꦶꦥꦶ |
| pepet (.....) | Swara "e" | kena = ꦏꦺꦤ |
| suku (.....) | Swara "u" | turu = ꦠꦸꦫꦸ |
| taling (....ꦩ) | Swara "e" | tela = ꦠꦺꦭ |
| taling tarung (ꦩꦠ) | Swara "o" | bolo = ꦧꦺꦴꦭ |

1) Sandhangan Wulu (.....)

Sandhangan wulu awujud bunderan cilik kang panggonane ing ndhuwure aksara legena. Fungsine yaiku kanggo ndadekake aksara legena kang swara a, dadi swara "i".

Tuladha : mili : ꦩꦶꦭꦶ

lali : ꦭꦭꦶ

ati : ꦲꦠꦶ

2) Sandhangan Suku (...)

Sandhangansuku nduweni fungsi kanggo ndadekake legena a dadi swara u, lan manggon ing sikil mburi aksara kang diwenehi sandhangan.

Tuladha : putu : ꦥꦸꦠꦸ

yuyu : ꦪꦸꦪꦸ

sayu : ꦱꦪꦸ

3) Sandhangan Pepet (...)

Sandhangan pepet wujud bunder lan manggon ing ndhuwure aksara kang diwenehi sandhangan. Sandhangan iki nduweni fungsi kanggo ndadekake swara a dadi swara e.

Tuladha : telu : ꦠꦺꦭꦸ

gela : ꦒꦺꦭꦲ

gedhi : ꦒꦺꦝꦶ

4) Sandhangan Taling (...)

Sandhangan taling iki meh padha kayadene pepet yaiku sing swarane e. Sandhangan iki manggon ing ngarepe aksara kang diwenehi sandhangan.

Tuladha : melu : ꦩꦺꦭꦸ

luwe : ꦭꦸꦮꦺ

lele : ꦭꦺꦭꦺ

5) Sandhangan Taling Tarung (...2)

Taling tarung iki nduweni swara “o” , kalorone ngapit aksara kang disandhangi. Taling manggon ing ngarepe aksara, dene tarung manggon ing mburine.

Tuladha : toko : ꦠꦺꦏꦺ

loro : ꦭꦺꦴꦫꦺ

rosa : ꦫꦺꦱꦲ

METODE PANLITEN

Subyek, Papan Panggonan, lan Wektu Panliten

1) Subjek Panliten

Subjek sajrone panliten iki yaiku guru lan siswa kelas VIII B SMPN 3 Ngunut Tulungagung. Panliten iki dilaksanakake ing siswa kelas VIII B SMPN 3 Ngunut Tulungagung kanthi cacah 34 siswa kang kaperang saka 14 siswa lanang lan 20 siswa wadon. Guru uga minangka subjek panliten kang melu diobservasi sajrone panliten iki. Guru kang dadi subjek panliten yaiku guru basa Jawa kelas VIII B SMPN 3 Ngunut, Tulungagung kang minangka panaliti sajrone panliten iki.

2) Papan Panggonan Panliten

Kang diandharake ing kene yaiku papan kang digunakake kanggo nindakake panliten iki. Panliten tindakan kelas iki ditindakake ing SMPN 3 Ngunut, Tulungagung kanthi mligi ing kelas VIII B.

3) Wektu Panliten

Panliten iki bakal ditindakake ing semester gasal taun ajaran 2015/ 2016, antarane wulan Agustus nganti Oktober

Tabel 3.1 Jadwal Panliten

| Kegiatan | Minggu | Wektu (2015) | |
|------------|--------|--------------|-------------------|
| | | Wulan | Tanggal |
| Pretest | Ke- 3 | Agustus | 17 – 22 Agustus |
| Post-Test | Ke-4 | Agustus | 24 – 29 Agustus |
| Penelitian | Ke-2 | September | 07 - 12 September |

Prosedhur Panliten

Panliten kanthi irah-irahan “Ngundhakake Katrampilan Nulis Aksara jawa kanthi sandhangan swara. Siswa Kelas VIII B SMPN 3 Ngunut kanthi Permainan Kartu *Tebak Aksara*” iki minangka panliten kualitatif kang nggunakake rancangan penelitian tindakan kelas (PTK). Bab iki selaras karo karakteristik underaning panliten lan tujuwan kanggo meruhi aktifitas siswa lan guru sarta asil pasinaon siswa sajrone nulis aksara Jawa kanthi sandhangan swara.

Prosedur penelitian tindakan kelas iku kaperang saka 4 tahap sajrone panliten iki, panliten ditindakake kanthi 2 siklus, kang saben sikluse kudu ana 4 tahapan kang kudu dilakoni, yaiku:

- 1) Tahap ngrancang pamulangan (*plan*), sajrone tahap iki panliti ngandharake ngenani apa wae kang dibutuhake lan bakal ditindakake sajrone panliten. Bisa diarani tahap iki medharake rancangan (rencana) sawijining tumindak kang ngandhut ngenani apa, kena apa, kapan, ing ngendi, dening sapa lan kepriye tumindak kasebut ditindakake.
- 2) Tahap nindakake pamulangan (*action*) yaiku wujud implementasi utawa ngetrapake saka rancangan kang wis dirancang sadurunge.
- 3) Tahap observasi (*observe*) yaiku sawijining tumindak kanggo ngamati apa bae kang dumadi sajrone panliten minangka dampak saka tumindak kang dipilih.

- 4) Tahap refleksi (*reflection*) minangka sawijining kagiyatan kanggo ndudut apa kang wis ditindakake. Panliti nindakake analisis lan tetimbangan asil utawa dampak saka tindakan kang ditindakake. Ing kene ngandhut kakurangan lan kaluwihan saka tindakan kang dipilih.

Rancangan Panliten

Kagiyatan kang kudu ditindakne sajrone tahap iki yaiku :

- 1) Refleksi wiwitan, panliti nindakake *identifikasi* perkara tumrap kawasisan nulis aksara Jawa siswa kelas VIII B SMP Negeri 3 Ngunut.
- 2) Panliti ngrumusake perkara kanthi *operasional, relevan* karro undherane panliten.
- 3) Panliti ngrumusake hipotesis tindakan, panliten tindakan luwih nengenake pendekatan naturalistik, saengga hipotesis tindakake asipat *tentatif* kang ora bisa ditetepake asile, miturut apa kang ana ing lapangan mengkone.
- 4) Nemtokake lan ngrumusake rancangan tindakan kang antarane:
 - (a) Nemtokake indikator-indikator rancangan pamulangan nulis aksara jawa kanthi sandhangan swara dijangkepi strategine.
 - (b) Gawe rancangan strategi anggone ngandharake materi nulis aksara jawa kanthi sandhangan swara (rancangan program, materi, strategi belajar mengajar, lan evaluasi)
 - (c) Gawe metode lan alat perekam dhata kang arupa lembar observasi lan lembar evaluasi.
 - (d) Nyiyapake rencana pengolahan dhata kualitatif utawa kuantitatif.

Tahap nindakake Panliten

Ing tahapan iki, yaiku nalika guru nindakake panliten kanthi pamulangan ing njero kelas. Guru minangka panliti nindakake rancangan pamulangan nulis aksara jawa kanthi sandhangan swara kang wis direncanakake. Sabanjure diandharake ngenani rancangan pamulangan wiwit kagiyatan apresepsi, inti lan panutup.

1) Apersepsi

Apersepsi yaiku sawijining kagiyatan kang ditindakake dening guru nalika arep nindakake pamulangan. Kagiyatan iki ditindakake kanthi wektu 15 menit kaya kang ana ing rencana pelaksanaan pembelajaran (RPP), kanthi rincian kagiyatan kaya ing kene:

- a) Guru miwiti kagiyatan pamulangan kanthi salam
 - b) Guru ngabsen siswa, nyiyapake kelas lan medhia
 - c) Guru nindakake apersepsi tumrap materi kang arep disinaoni digayutne karo lingkungan
 - d) Guru ngandharake tujuan pamulangan
 - e) Guru ngandharake teknik pamulangan kang digunakake
- 2) *Inti*

Kagiyatan iki minangka punjere kagiyatan kang ana ing panliten iki, yaiku siswa nyinanoni aksara jawa kanthi sandhangan swara kanthi medhia

kertu “tebak aksara”. Kagiyatan inti iki lumaku watarane 50 menit. Kagiyatan inti iki salaras karo kang ana ing rencana pelaksanaan pembelajaran (RPP) kasebut kaandharake kaya ing ngisor iki:

- a) Guru ngandharake ngenani tata cara nulis aksara jawa kanti sandhangan swara kanggo siswa, Guru ngutus siswa supoyo nggarap soal ing lembar kerja siswa (LKS)
- b) Guru merang siswa dadi 5 klompok
- c) Saben klompok, siswa ngarep dewe diwenehi kartu aksara dibacut ake kartu kata kanggo diwaca lan siswa mburine nulis maneh nganti anggota keru dhewe kang wes mlayu ing ngarep maringi perso kagem guru.

3) Panutup

Kagiyatan iki minangka pungkasan saka kagiyatan pamulangan, kagiyatan iki lumaku kurang luwih 15 menit. Ing kagiyatan panutup iki kang ditindakake dening guru yaiku:

- a) Guru ngana ake refleksi karo takon marang siswa
- b) Guru mbimbing siswa ndudutake materi
- c) Guru menhake tugas porto polio kanggo siswa

Observasi

Guru minangka panliti lan observer nindakake observasi utawa ngamati kanthi sistematis tumrap kagiyatan kang ditindakake dening siswa. Kagiyatan observasi ditindakake kanthi *komprehensif* kanthi nggunakake alat perekam dhata lan catatan lapangan.

Refleksi

Kang bisa ditindakake panliti minangka observer ing kagiyatan iki yaiku: *analisis, sintesis, pemaknaan*, ngandharake, lan ndudut asil dhata sarta apa wae kang kasil dilumpukake. Asil kang ditemokake arupa tingkat efektifitas rancangan pamulangan nulis aksara jawa kanthi sandhangan swara kang dirancang adhedhasar apa kang ditemokake ing lapangan. Bab kasebut sabanjure bakal digunakake kanggo ndandani ing siklus sabanjure.

Sajrone komponen iki, guru weneh kajian lan tetimbangan kanthi jero ngenani asil lan dhampak saka tindakan kang wis ditindakake kasebut kanthi netepake maneka kriteria kang wis digawe. Menawa saka panliten kang sepisan siswa isih durung bisa nggayuh kriteria kang dikarepake, mula perlu ditindakake siklus sabanjure. Bab-bab kang bakal dingerteni sajrone kagiyatan refleksi ing anatarne yaiku:

(1) Bab-bab kang bisa kagayuh

Sajrone kagiyatan refleksi kang sepisan dilaksanakake dening panaliti yaiku ngandharake bab-bab kang wis bisa kagayuh sajrone panliten kasebut. Adhedhasar tujuan kang pengin digayuh sajrone panliten iki yaiku kanggo ngundhakake kawasisan nulis aksara jawa kanthi sandhangan swara, mula kang kudu digayuh siswa antarane yaiku ketepatan panulisan, keajegan panulisan, wujud tulisan, lan

kecepatan panulisan. Adhedhasar kapapat indikator kasebut sabanjure panaliti bisa nemtokake perangan kang wis bisa kagayuh sajrone panliten.

(2) Bab-bab kang durung bisa kagayuh

Salaras karo andharan ing bab-bab kang wis bisa kagayuh, ing kene ngandharake ngenani bab-bab kang ora bisa digayuh saka indikator kang minangka pengukur, yaiku ketepatan panulisan, keajegan panulisan, wujud tulisan, lan kecepatan panulisan.

Cara nemtokake ngenani bab-bab kang durung bisa kagayuh bisa didelok saka ketuntasan klasik kang luwih saka 75%, lan kriteria penentuan kang bisa digayuh. Saliyane iku, uga bisa gawe daftar permasalahan kang ditemoni saengga ndadekake kriteria kasebut ora bisa kagayuh.

(3) Tindak Lanjut Sajrone Siklus Sabanjure.

Ing tahapan iki nemtokake tindak lanjut saka tahap sadurunge, yaiku nemtokake tumindak apa kang kudu ditindakake ing panliten sabanjure. Anggone nemtokake tindak lanjut kudu nggatekake saka asil observasi ngenani bab-bab kang durung bisa kagayuh. Tindak lanjut kasebut digunakake minangka ancangan kanggo siklus sabanjure supaya kriteria kang ditemtokake bisa kagayuh lan bisa njawab tujuwan saka panliten iki.

Sumber Dhata lan Dhata Panliten

Sumber dhata sajrone panliten iki diolehi saka: (1) implementasi medhia pembelajaran kartu “*Tebak Aksara*” kang ditindakake dening guru lan siswa, lan (2) observasi keefektifan medhia pembelajaran kertu “*Tebak Aksara*” yaiku dideleng saka asil pasinaon siswa. Dhata kang diolehi saka panliten pengembangan iki, yaiku asil observasi asil observasi keaktifan guru lan dhata asil piwulangan siswa.

Tata cara Nglumpukake Dhata

Anggone nglumpukake dhata ing panliten iki nggunakake rong teknik, yaiku teknik tes lan teknik observasi. Saka asil kaloro teknik kasebut bakal diolahake dhata kang mengkone banjur dianalisis kanggo meruhi asil saka panliten. Ing perangan iki mung bakal diandharake ngenani teknike wae.

1) **Tata cara Tes**

Tes yaiku pitakonan-pitakonan utawa gladhen sarta piranti liyane kang digunakake kanggo ngukur katrampilan, kawruh, kawasisan utawa bakat kang diduweni dening individu utawa klompok (Arikunto, 2006:150). Tes nduweni guna yaiku kanggo meruhi lan nemtokake predikat sawijine pawongan (Sugiyono, 2010:171). Sajrone panliten iki, nggunakake tes kanthi jinis *pre-test lan post-test*. *Pre-test* yaiku tes kang diwenehake marang siswa sadurunge proses pamulangan diwiwiti, dene *post-test* yaiku tes kang ditindakake sawise proses pamulangan dipungkasi (Sudjana, 2009:117). Sajrone panliten iki, *pre-test* ditindakake sadurunge pasinaon nulis aksara Jawa kanthi sandhangan swara diwiwiti,

dene *post-test* ditindake ing pungkasan pasinaon nulis aksara Jawa kanthi sandhangan swara.

2) **Tata cara Observasi**

Observasi yaiku migatekake samubarang kanthi nggunakake mata. Arikunto (2010:199) ngandharake yen observasi nyakup kegiatan nggatekake marang sawijine objek kanthi nggunakake sakabehe alat indra. Saka segi instrumen kang digunakake, observasi diperang dadi loro, yaiku observasi mawa struktur lan observasi tanpa terstruktur. Observasi mawa struktur yaiku observasi kang wis dirancang kanthi sistematis ngenani apa kang diobservasi, kapan lan ing ngendi panggonane. Observasi tanpa struktur yaiku observasi kang ora disiyapake kanthi sistematis ngenani apa kang diobservasi. Ing panliten iki nggunakake observasi mawa struktur amarga panliten iki wis ngrancang kanthi sistematis ngenani apa kang diamati. Observasi kang ditindakake ing panliten iki yaiku observasi tumrap proses pasinaon.

Observer sajrone panliten iki yaiku guru basa Jawa SMPN 3 Ngunut, Tulungagung. Observasi proses pasinaon ing kene ditindakake kanggo ngamati proses kang pasinaon kang ditindakake siswa lan aktifitas siswa. Saliyane iku uga ana observer liyane yaiku teman sejawat kang ngamati aktifitas guru sajrone nindakake pasinaon.

Tata cara Analisis Dhata

Panliten iki nggunakake analisis deskriptif kuantitatif yaiku analisis kanthi ndheskripsikake asil panliten kang arupa angka-angka. Dhata-dhata kang dianalisis sajrone panliten iki yaiku:

1) **Analisis Asil Observasi Aktivitas Guru lan siswa**

Dhata asil observasi aktivitas guru lan siswa dianalisis kanthi rumus:

$$P = \frac{f}{N} \times 100\%$$

Katrangan: P = persentase frekuensi kedadayan kang kagayuh

f = frekuensi (akehe) aktifitas guru utawa siswa

N = jumlah sakabehe aktifitas (Indarti, 2008:26)

Saka asil analisis kasebut bisa diweruhi yen medhia kang dikembangake layak utawa ora yen selaras karo skala kualifikasi panliten tartamtu. Bab kasebut kang dituduhake kanthi skala likert kang wis dimodifikasi kaya ing tabel 3.4.

Tabel 3.3 Skala Kualifikasi Observasi (skala Likert)

| Tingkat pencapaian | Kualifikasi |
|--------------------|---------------|
| 90% - 100% | Apik banget |
| 80% - 89% | Apik |
| 70% - 79% | Cukup |
| 60% - 69% | Kurang |
| 50% - 59% | Kurang banget |

2) **Analisis Asil Tes Siswa**

Asil tes siswa dianalisis kanthi deskriptif kuantitatif, analisis iki saka asil pitakonan-pitakonan (soal) kang wis digarap dening siswa kanthi individu. Data saka asil pasinaon siswa bisa dianalisis kanthi rumus:

$$M = \frac{\sum fx}{N}$$

(Indarti, 2008:26)

Katrangan:

- M : biji rata-rata (mean)
- $\sum fx$: jumlah sakabehe bijine siswa
- N : cacah siswa

Indikator Keberhasilan

Pamulangan nggunakake medhia kertu “tebak aksara” bisa ngundhakake kawasisan nulis aksara jawa kanthi sandhangan swara tumrap siswa kelas VIII B SMP Negeri 3 Ngunut Tulungagung kanthi indikatif kaya ing ngisor iki.

- (1) Katrampilan guru sajrone pamulangan nulis aksara jawa kanthi sandhangan swara kanthi medhia kertu “tebak aksara” nuduhake undhak-undhakan kanthi kriteria minimal apik yaiku bisa ngancik KKM yaiku ing biji 75.
- (2) Aktivitas siswa sajrone pamulangan nulis aksara jawa kanthi sandhangan swarakanthi medhia kertu “tebak aksara” nuduhake undhak-undhakan kanthi kriteria minimal apik, yaiku bisa ngancik KKM yaiku ing biji 75.
- (3) Indikator kabersihan aktifitas siswa lan guru bisa kagayuh yen aktifitas siswa lan guru bisa nggayuh kriteria apik kanthi cacah 80%.

ANDHARAN ASIL PANLITEN

Asil Panliten

Penelitian Tindakan Kelas (PTK) iki ditindakake ing kelas VIII B SMPN 3 Ngunut, Tulungagung, kang ditindakake kanthi 2 siklus, lan saben siklus 2 jam (2 x 40 menit) pamulangan. Panliten iki ditindakake kanthi nggunakake permainan kartu *tebak aksara* sajrone katrampilan nulis aksara Jawa kanthi sandhangan swara. Sabanjure diandharake ngenani asil panliten, kang diwiwiti saka asil sinau siswa, aktivitas guru sarta aktivitas siswa kanthi nggunakake permainan kartu *tebak aksara*.

Andharan Asil Data ing Siklus I

Ing siklus iki ditindakake tanpa nggunakake permainan kartu *tebak aksara*. Pamulangan ditindakake tanggal 25 Agustus 2015, jam 07.40-09.00 kanthi cacah siswa 34. Panliten katindakake kanthi 4 tahapan, yaiku ngrancang pamulangan, nindakake pamulangan, observasi, lan refleksi. Ing kene panliti minangka guru lan proses pamulangane adhedhasar RPP kang disedyakake. Kanggo luwih jangepe diandharake ing ngisor iki.

1) **Tahap Ngrancang Pamulangan**

Ing tahap iki panliti nyiyapake prangkat kang digunakake ing pamulangan, yaiku RPP kang

dijangkepi karo materi, Lembar Kerja Siswa (LKS), lembar observasi, lan Lembar Penilaian (LP).

2) **Tahap Nindakake Pamulangan**

Ing proses pamulangan iki ditindakake miturut RPP kang wis disiyapake. Ing RPP iki ana 3 tahap kagiyatan, yaiku pambuka, inti, lan panutup. Ing proses pamulangan guru nggunakake metode langsung.

Adhedhasar tabel asile tes siswa bisa diweruhi yen kanthi klasikal kelas VIII B durung tuntas, amarga cacah siswa kang tuntas ana 19 lan kang durung tuntas ana 15 siswa. Persentase katuntasan klasikal yaiku $\frac{19}{34} \times 100\% = 55,9\%$. Asil tes ing siklus 1 kasebut bisa direkapitulasi ing tabel 4.3.

Tabel. 4.3

Rekapitulasi Asil Tes ing Siklus I

| No. | Uraian | Asil Siklus I |
|-----|--------------------------------|---------------|
| 1. | Nilai rata-rata tes | 66,22 |
| 2. | Cacah siswa kang tuntas | 19 |
| 3. | Cacah siswa kang ora tuntas | 15 |
| 4. | Persentase ketuntasan klasikal | 55,9% |

Adhedhasar tabel kasebut bisa diweruhi biji rata-rata asil sinau siswa $\frac{2.251,66}{34} = 66,22$. Persentase katuntasan sinau 55,9%, kanthi siswa kang tuntas ana 19 saka cacah siswa 34. Asil data kasebut nuduhake yen kelas iki durung tuntas sacara klasikal, amarga persentase katuntasane amung 55,9% saka persentase katuntasan klasikal kang ditemtokake dening SMPN 3 Ngunut yaiku 75%.

Bab iki dinuga amarga siswa durung bisa paham lan mangerteni tata cara panulisan kanthi becik. Sajrone panulisan aksara Jawa iku akeh banget aturan-aturan kang kudu dicakake, saengga siswa rumangsa kangelan. Saliyane iku, siswa ing kene ketara bosen kanthi cara pamulangane guru. Bab iki dibuktekake saka tingkat partisipasi siswa kang kurang, lan asil sinau siswa kang durung optimal.

Itungan kasebut nuduhake yen aktivitase guru ing siklus I kagolong kriteria “kurang” kanthi persentase 63,3%, yaiku ana ing rentang 60%-69%. Diwiwiti saka mbuka pelajaran, ing bab iki observer maringi skor 3. Nalika mbuka pelajaran guru ora nindakake presensi mula guru oleh skor 3 kanthi kriteria cukup. Isih ing tahap pambuka, ngenani apersepsi guru wis nindakake apersepsi kanthi apik lan oleh skor 4, kanthi kriteria apik. Nalika apersepsi guru nggayutake antarane pamulangan sadurunge lan kang arep disinaoni saliyanane iku uga digayutake karo kahanan saiki. Ing kene ngenani kompetensi kang pengin digayuh, guru amung ngandharake garis besar saka kompetensi kasebut, mula guru oleh skor pambiji 3 kanthi kriteria cukup.

Tahap Observasi

Adhedhasar pamulangan kang wis ditindakake uga diolehake data pambiji asil observasi. Observasi ditindakake dening observer, yaiku Sri Rumini, S.Pd minangka guru Bahasa Jawa kelas VIII ing SMPN 3 Ngunut. Saliyane iku, uga direwangi dening observer liya yaiku Tatag Basuki minangka teman sejawat kang bakal nindakake observasi tumrap aktivitas siswa lan guru. Asil observasi diolehake saka aktivitas siswa lan guru nalika proses pamulangan lumaku. Asil pambiji observasi ing siklus 1 kaya andharan iki.

1) Asil Observasi Aktivitas Guru

Adhedhasar tabel 4.5 aktivitas guru bisa diitung kaya ing ngisor iki:

$$P = \frac{f}{N} \times 100\%$$

Katrangan: P = persentase frekuensi kedadeyan kang kagayuh

f = frekuensi (akehe) aktifitas guru utawa siswa

N = jumlah sakabehe aktifitas

$$\begin{aligned} P &= \frac{f}{N} \times 100\% \\ &= \frac{38}{60} \times 100\% \\ &= 0,633 \times 100\% \\ &= 63,3\% \end{aligned}$$

Itungan kasebut nuduhake yen aktivitas guru ing siklus 1 kagolong kriteria “kurang” kanthi persentase 63,3%, yaiku ana ing rentang 60%-69%. Diwiwiti saka mbuka pelajaran, ing bab iki observer maringi skor 3. Nalika mbuka pelajaran guru ora nindakake presensi mula guru oleh skor 3 kanthi kriteria cukup. Isih ing tahap pambuka, ngenani apersepsi guru wis nindakake apersepsi kanthi apik lan oleh skor 4, kanthi kriteria apik. Nalika apersepsi guru nggayutake antarane pamulangan sadurunge lan kang arep disinaoni saliyané iku uga digayutake karo kahanan saiki. Ing kene ngenani kompetensi kang pengin digayuh, guru amung ngandharake garis besar saka kompetensi kasebut, mula guru oleh skor pambiji 3 kanthi kriteria cukup.

2) Asil Observasi Aktivitas Siswa

Asil observasi aktivitas siswa diolehake saka aktivitas siswa nalika proses pamulangan lumaku kang diamati dening observer.

Adhedhasar tabel kasebut diolehake aktivitas siswa sajumlah 23, kanthi peprincen skor 2=2; 3=5; 4=1 lan aktivitas maksimal yaiku 40. Data aktivitas siswa kasebut bisa diitung kaya mangkene:

$$P = \frac{f}{N} \times 100\%$$

Katrangan: P = persentase frekuensi kedadeyan kang kagayuh

f = frekuensi (akehe) aktifitas guru utawa siswa

N = jumlah sakabehe aktifitas

$$\begin{aligned} P &= \frac{f}{N} \times 100\% \\ &= \frac{23}{40} \times 100\% \\ &= 0,575 \times 100\% \\ &= 57,5\% \end{aligned}$$

Asil observasi kasebut nuduhake manawa aktivitas siswa sajrone proses pamulangan ing siklus 1 ana kang kurang lan cukup. Kanthi rata-rata aktivitas siswa 57,5% kalebu ing kategori “kurang banget”, yaiku ing rentang 50%- 59%. Bab iki dibuktèkake saka anane pambiji 2 kanthi kriteria “kurang” cacah 2 poin, yaiku 1) takon lan medharake pamawas, lan 2) siswa menahi umpan balik. Ing kene bisa diarani yen rong poin kasebut minangka alangan sajrone siklus 1.

(1) Tahap Refleksi

Refleksi minangka tahap kang pungkasan kudu dilakoni sajrone PTK, ing kene panliti nggoleki kakurangan lan kaluwihan kang ditindakake kanggo didadani sabanjure. Sajrone proses pamulangan kang wis ditindakake ing siklus 1 kasebutdurung bisa nemokake kaluwihan, nanging kakurangan. Kakurangan ing kene bisa uga diarani alangan sajrone siklus 1. Kakurangan kasebut ing antarane, yaiku :

- Guru anggane menahi motivasi kurang
- Pengelolaan wektu lan pengondisian kelas kudu luwih digatekake
- Guru kurang nggatekake tingkat pamahaman siswa sajrone proses pamulangan
- Guru kurang tliti lan luwih ketara kesusu sajrone ngandharake materi
- Pengemasan materi kurang narik kawigaten siswa saengga siswa kurang aktif lan rame dhewe. Siswa kurang nggatekake apa kang diandharake dening guru.

Saka kakurangan-kakurangan kasebut, kudu ditindakake revisi kanggo siklus sabanjure supaya bisa luwih apik lan kasil. Revisi kang bisa ditindakake ing siklus sabanjure yaiku:

- Guru kudu luwih trampil sajrone menahi motivasi siswa. Sajrone proses pamulangan siswa dijak luwih aktif, salah sijine ing proses apresepasi lan refleksi.
- Guru kudu luwih nggatekne lan nemtokake alokasi wektu kanthi luwih tliti, lan tumemen. Guru uga kudu bisa nguwasani kahanan kelas lan siswa.
- Guru kudu nggatekake tingkat pamahaman siswa, luwih peka tumrap respon siswa sajrone proses pamulangan.
- Nalika ngandharake materi menyang siswa guru kudu luwih tliten lan tliti, aja kesusu supaya gampang dipahami dening siswa.
- Pengemasan materi kudu didandani supaya bisa narik kawigaten siswa. Kanthi pengemasan kang prasaja siswa diajab bisa luwih aktif lan nggatekake andharan materi.

Andharan Asil Data ing Siklus II

Ing siklus iki ditindakake tanpa nggunakake permainan kartu *tebak aksara*. Pamulangan ditindakake tanggal 9 September 2015, jam 07.40-09.00 kanthi cacah siswa 34. Panliten katindakake kanthi 4 tahapan, yaiku ngrancang pamulangan, nindakake pamulangan, observasi, lan refleksi. Ing kene panliti minangka guru lan proses pamulangane adhedhasar RPP kang disedyakake.

(2) Tahap Ngrancang Pamulangan

Kayadene ing panliten sadurunge, tahap iki ditindakake panliti kanthi nyiyapake prangkat kang digunakake ing pamulangan, yaiku RPP kang wis direvisi lan dijangkepi karo materi, Lembar Kerja Siswa (LKS), lembar observasi, lan Lembar Penilaian (LP).

(3) Tahap Nindakake Pamulangan

Ing proses pamulangan iki ditindakake miturut RPP kang wis direvisi saka siklus sadurunge. Ana telung tahapan kang dirantam ing RPP, yaiku pembuka, inti, lan panutup. Ing proses pamulangan guru nggunakake teknik *tebak gambar*. Ing siklus iki data kang diolehi saka kagiyatan pamulangan arupa asil pambiji saka LP. Siswa dinyatakake tuntas yen bijine bisa nggayuh KKM, yaiku 75. Kanthi skor maksimal 30, lan biji maksimal 100.

Adhedhasar tabel asil pambiji bisa diweruhi yen kanthi klasikal kelas VIII B wis tuntas, cacahing siswa kang durung tuntas luwih sethithik yaiku sing sadurunge 15 siswa suda kari6 siswa. Persentase katuntasan klasikal yaiku $\frac{28}{34} \times 100\% = 82,35\%$.

Tabel. 4.8
Rekapitulasi Asil Tes ing Siklus II

| No. | Uraian | Asil Siklus II |
|-----|--------------------------------|----------------|
| 1. | Nilai rata-rata tes | 78,58 |
| 2. | Cacah siswa kang tuntas | 28 |
| 3. | Cacah siswa kang ora tuntas | 6 |
| 4. | Persentase ketuntasan klasikal | 82,35% |

Adhedhasar tabel kasebut bisa diweruhi biji rata-rata asil sinau siswa sawise diwenahi tindakan kanthi medhia tebak aksara yaiku $\frac{2.723}{34} = 80,08$. Persentase katuntasan sinau 82,35%, kanthi siswa kang tuntas ana 28 saka cacah siswa 34. Asil data kasebut nuduhake kelas VIII B ws tuntas sacara klasikal, sabab persentase katuntasane wis bisa nggayuh 82,35% saka persentase katuntasaan klasikal kang ditemtokake dening SMPN 3 Ngunut yaiku 75%.

Sawise dicakake medhia dolanan tebak aksara, kawigatene siswa akeh sing nggatekake. Sanajan isih ana siswa kang bingung klawan aturan panulisane aksara Jawa nanging sawise diwenahi kalodhangan

kanggo dhiskusi lan anane bedhek-bedhekan nganggo kertu tebak aksara ndadekake siswa sithik mbaka sithik bisa ngerti maksude materi iki.

(4) Tahap Observasi

Adhedhasar pamulangan kang wis ditindakake bisa oleh data pambiji asil observasi. Observasi kang ditindakake ora ana owah-owahan saka siklus sadurunge. Observasi ditindakake dening Sri Rumini, S.Pd minangka guru Bahasa Jawa kelas VIII B ing SMPN 3 Ngunut. Saliyane iku, uga tetep direwangi observer liyane yaiku Tatag Basuki minangka teman sejawat kang bakal nindakake observasi tumrap aktivitas siswa lan guru ing siklus II. Asil observasi diolehake saka aktivitas siswa lan guru nalika proses pamulangan lumaku. Asil pambiji observasi ing siklus II andharane kaya mangkene.

(1) Asil Observasi Aktivitas Guru

Observer ngamati aktivitase guru nalika nindakake proses pamulangan kanthi medhia tebak aksara

Adhedhasar tabel 4.8 aktivitase guru bisa diitung kaya ing ngisor iki:

$$P = \frac{f}{N} \times 100\%$$

Katrangan: P = persentase frekuensi kedadeyan kang kagayuh

f = frekuensi (akehe) aktifitas guru utawa siswa

N = jumlah sakabehe aktifitas

$$\begin{aligned}
 P &= \frac{f}{N} \times 100\% \\
 &= \frac{49}{60} \times 100\% \\
 &= 0,8167 \times 100\% \\
 &= 81,67\%
 \end{aligned}$$

Itungan kasebut nuduhake yen aktivitase guru ing siklus II kagolong kriteria “apik” kanthi persentase 81,67%, yaiku ana ing rentang 80%-89%. Diwiwiti saka mbuka pelajaran, ing bab iki observer maringi skor 5. Nalika mbuka pelajaran guru nindakake presensi mula guru oleh skor 5 kanthi kriteria apik banget. Isih ing tahap pembuka, ngenani apersepsi guru wis nindakake apersepsi kanthi apik lan oleh skor 4. Nalika apersepsi guru nggayutake antarane pamulangan sadurunge lan kang arep disinaoni saliyane iku uga digayutake karo kahanan saiki. Ing kene ngenani kompetensi kang pengin digayuh, guru ngandharake garis besar saka kompetensi kasebut lan njlentrehake pokok-pokok kompetensi, mula guru oleh skor pambiji 4 kanthi kriteria apik.

(2) Asil Observasi Aktivitas Siswa

Asil observasi aktivitas siswa diolehake saka aktivitase siswa nalika proses pamulangan lumaku kang diamati dening observer

Adhedhasar tabel kasebut diolehake aktivitas siswa sajumlah 33, kanthi pepricen skor 3=2; 4=3;

5=3 lan aktivitas maksimal yaiku 40. Data aktivitas siswa kasebut bisa diitung kaya mangkene:

$$P = \frac{f}{N} \times 100\%$$

Katrangan: P = persentase frekuensi kedadeyan kang kagayuh

f = frekuensi (akehe) aktifitas guru utawa siswa

N = jumlah sakabehe aktifitas

$$\begin{aligned} P &= \frac{f}{N} \times 100\% \\ &= \frac{33}{40} \times 100\% \\ &= 0,825 \times 100\% \\ &= 82,5\% \end{aligned}$$

Asil observasi kasebut nuduhake manawa aktivitas siswa sajrone proses pamulangan ing siklus II luwih apik tinimbang patemon sadurunge. Kanthi rata-rata aktivitas siswa 82,5% kang sadurunge mung nggayuh 57,5% utawa kriteriane isih kurang banget. Sawise diwenehi tindakan kanthi medhia tebak aksara presentase aktivitas siswa owah dadi ing kategori “apik”, yaiku ing rentang 80%- 89%. Bab iki dibuktekake saka wis ora anane siswa kang oleh skor kurang.

(5) Tahap Refleksi

Refleksi minangka tahap kang pungkasan kudu dilakoni sajrone PTK, ing kene panliti nggoleki kakurangan lan kaluwihan kang ditindakake kanggo didadani sabanjure. Sawise diwenehi tindakan nganggo medhia dolanan tebak aksara asiling refleksi ing siklus II ing antarane, yaiku :

- Biji kawasisan nulis siswa ing siklus II luwih apik tinimbang siklus I. kabukti saka biji rata-rata tes kang kasil digayuh 78,58. Cacahing siswa kang tuntas uga mundhak kang sadurunge 19 malih dadi 28. Ketuntasan klasikale uga kalebu ing kriteria apik yaiku 82,35%.
- Aktivitas guru uga kasil nggayuh kriteria apik yaiku 81,67%. Anane pengalaman ing patemon sadurunge banjur direvisi lan dicakake ing siklus II pranyata bisa ngowahi aktivitas guru ing proses pamulangan.

Aktivitas siswa ing siklus II bisa mundhak tinimbang siklus sadurunge. Adhedhasar asil observasi kang ditindakake observer aktivitas siswa ing siklus I nggayuh 57,5% banjur jumlah mundhak dadi 33 lan rata-rata 4,12. Sawise dietung ngasilake presentase 82,5% utawa kalebu kriteria apik.

Andharan

Panliten kanthi dolanan kertu tebak aksara minangka upaya kanggo ngundhakake kawasisane siswa kelas VIII-B SMP N 3 Ngunut sajrone nulis aksara jawa mawa sandhangan swara. Panliten iki kasusun saka rong siklus, ing ngendi saben-saben siklus dumadi saka patang tindakan antarane tahap

ngrancang pamulangan, nindakake pamulangan, observasi, lan refleksi.

Undhak-Undhakan Aktivitas Guru sajrone Proses Pamulangan Nulis Aksara Jawa mawa Sandhangan Swara kanthi Dolanan Tebak Gambar

Andharan asiling observasi dilandhesake sasuwene kagiyatan panliten lumaku. Ing panliten iki katindakake rong siklus, yaiku siklus I tanpa diwenehi tindakan utawa kanthi pamulangan langsung, lan siklus II nalika diwenehi tindakan kanthi medhia dolanan tebak aksara. Asil observasi aktivitas guru ing siklus I nuduhake skor kang ginayuh mung 38 lan rata-rata skor 3,17. Dene presentase aktivitase guru ing siklus I kagolong kriteria “kurang” kanthi persentase 63,3%, yaiku ana ing rentang 60%-69%.

Asiling analisis observasi ing siklus II nuduhake, jumlah skor kang kagayuh yaiku 49, rata-rata skore nggayuh 4,08. Presentase katuntasan kasil nggayuh 81,67% utawa bisa diarani kategori cukup. Supaya luwih cetha asil observasi siklus I lan siklus II bisa dideleng ing tabel 4.11.

Tabel 4.11 :

Rekapitulasi Asil Observasi Aktivitas Guru Siklus I lan Siklus II

| | Siklus I | Siklus II |
|---------------------|----------|-----------|
| Jumlah | 38 | 49 |
| Rata-rata | 3,17 | 4,08 |
| Ketuntasan Klasikal | 63,3% | 81,67% |

Adhedhasar diagram kasebut ana owah-owahan aktivitase guru kang dituduhake wiwit siklus I nganti siklus II. Ing siklus I jumlah skor bisa nggayuh 38, ing siklus II bisa kasil 49. Rata-rata sing kagayuh ing siklus II bisa luwih dhuwur saka siklus I. rata-rata ing siklus I 3,17, sawise diwenehi revisi ing siklus II rata-ratane skor owah dadi 4,08. Presentase ketuntasan sing sadurunge melbu kategori kurang, ing siklus II kasil mundhak dadi 81,67% owah dadi kategori apik.

Aktivitas Siswa sajrone Proses Pamulangan kanthi Medhia Dolanan Tebak Aksara ing Materi Nulis Aksara Jawa lan Sandhangan Swara

Sawise dianalisis asil observasi aktivitas siswa ing siklus I diolahake aktivitas siswa sajumlah 23, kanthi peprincen skor 2=2; 3=5; 4=1 lan aktivitas maksimal yaiku 40. Asil etungan ngenani presentase keaktifan siswa nuduhake manawa aktivitas siswa sajrone proses pamulangan ing siklus 1 ana kang kurang lan cukup. Kanthi rata-rata aktivitas siswa 57,5% kalebu ing kategori “kurang banget”, yaiku ing rentang 50%- 59%. Bab iki dibuktekake saka anane pambiji 2 kanthi kriteria “kurang” cacah 2 poin, yaiku 1) takon lan medharake pamawas, lan 2) siswa menehi umpan balik. Ing kene bisa diarani yen rong poin kasebut minangka alangan sajrone siklus 1.

Revisi ditindakake lan dicakake ing siklus II yaiku kanthi migunakake medhia dolanan tebak aksara sajrone materi nulis mawa aksara Jawa lan sandhangan swara. Adhedhasar tabel aktivitas siswa sajumlah 33 lan rata-ratane 4,12, kanthi peprincen skor 3=2; 4=3; 5=3 saka aktivitas maksimal yaiku 40. Jumlah total lan rata-rata ing siklus II iki nuduhake anane undhak-undhakan saka siklus sadurunge kang nggayuh jumlah total 23 lan rata-ratane 2,87. Kahanan iki selaras klawan prosentase keaktivane siswa.

Asil observasi aktivitas siswa sajrone proses pamulangan ing siklus II luwih apik tinimbang patemon sadurunge. Kanthi rata-rata 82,5% kang sadurunge mung nggayuh 57,5% utawa kriteria kurang banget.

Tabel 4.12 :

Rekapitulasi Asil Observasi Aktivitas Siswa Siklus I lan Siklus II

| | Siklus I | Siklus II |
|---------------------|----------|-----------|
| Jumlah | 23 | 33 |
| Rata-rata | 2,87 | 4.12 |
| Ketuntasan Klasikal | 57,5% | 82,5% |

Adhedhasar gambar diagram kasebut nuduhake undhak-undhakan aktivitas kang dituduhake siswa. Ing siklus I, aktivitas siswa isih kalebu kriteria kurang banget yaiku ing rentang 50%-59%. Katitik saka asil observasi kang nuduhake cacah skor 23 lan rata-ratane 2,87 sarta prosentase aktivitas siswa ing siklus I mung antuk 57,5%. Panliti nindakake revisi kanthi pangetrapan medhia dolanan tebak aksara ing siklus II. Sawise diobservasi aktivitase siswa, nuduhake cacah skor kasil nggayuh 33 lan rata-ratane 4,13. Prosentase kang kasil diolahake yaiku 82,5% ing ngendi prosentase kasebut kalebu ing rentang 80%-89% utawa kriteria cukup.

Undhak - undhakane Asil Pasinaon

Andharan asil panliten iki adhedhasar asil kang diolahake saka panliten ing tahap siklus I lan siklus II. Asil tes ing saben-saben siklus gunane kanggo mangerteni asil bijine siswa ing materi nulis mawa aksara Jawa.

Ing siklus I, asil tes nulis mawa aksara Jawa kanthi sandhangan swara siswa kelas VIII-B SMP N 3 Ngunut nggayuh rata-rata biji 66,22. Biji paling endhek yaiku 50, dene paling dhuwur 86. Cacah siswa kang tuntas KKM ing siklus iki ana 19, sing ora tuntas ana 15 siswa saka 34 cacah total siswa. Adhedhasar cacah siswa kang tuntas mula ketuntasan klasikal ing siklus I gedhene 55,9%, kalebu ing kriteria kurang sebab durung nggayuh 75% saka kang ditetepake ing sekolahan.

Siklus II nuduhake asil kang ora nguciwani. Sawise diwenehi tindakan sarana medhia dolanan tebak aksara ing siklus II, biji paling endhek mundhak saka 50 dadi 60 lan paling dhuwur 86. Cacahing siswa kang tuntas KKM ana 28, sing durung tuntas ana 6 siswa saka cacah total klas. Rata-rata kelase uga

ngalami undhak-undhakan sing sadurunge 66,22 owah dadi 78,58, ketuntasan klasikal uga mundhak saka 55,9% malih dadi 82,35%.

Pangetrapane medhia dolanan tebak aksara ing materi nulis mawa aksara Jawa, katrampilane siswa ngalami undhak-undhakan. Supaya luwih rinci bisa dideleng ing tabel 4.13 lan diagram.

Tabel 4.13

Rekapitulasi Asil Tes Kawasisan Nulis mawa Aksara Jawa Siklus I lan II

| | Siklus I | Siklus II |
|---------------------|----------|-----------|
| Rata-rata | 69,73 | 80,08 |
| Siswa kang tuntas | 19 | 28 |
| Siswa durung tuntas | 15 | 6 |

Adhedhasar diagram kasebut bisa dideleng anane undhak-undhakan biji tes siswa ing saben siklus. Rata-rata biji ing tahap siklus I 66,22, banjur diapiki maneh ing siklus II bisa nggayuh rata-rata nganti 78,58. Cacahing siswa kang ora tuntas uga ngalami owah-owahan. Tahap siklus I sing durung tuntas KKM ana 15 murid, sawise diwenehi tindakan ing siklus II cacahing siswa sing ora tuntas suda kari 6 siswa. Ketuntasan klasikal ing siklus I isih adoh saka kriteria apik yaiku 55,9%, sawise diwenehi tindakan nganggo medhia dolanan tebak aksara ketuntasan klasikal bisa mundhak dadi 82,35%. Ketuntasan klasikal kasebut wis ngluwahi saka ketuntasan kang ditetepake ing sekolah lan kalebu kategori apik.

PANUTUP

Dudutan

Adhedhasar analisis undherane panliten lan andharan asile panliten kang wis ditindakake, mula panliti bisa gawe dudutan yaiku :

- (1) Medhia dolanan tebak aksara bisa ngundhakake katrampilane guru sajrone proses pamulangan ing materi nulis aksara Jawa mawa sandhangan swara siswa kelas VIII-B SMP N 3 Ngunut. Asil observasi keaktifan guru sajrone proses pamulangan ing siklus I nggayuh skor 38 kanthi rata-ratane 3,17 dene prosentase keaktifane 63,3%. Prosentase kasebut kalebu ing kategori kurang. Ing siklus II asil observasi nuduhake skor kang kagayuh 49 lan rata-ratane 4,08. Prosentase bisa kaaran apik sebab bisa nggayuh 81,67%.
- (2) Anane undhak-undhakan biji uga selaras klawan owah-owahan aktivitas kang dituduhake siswa. Sasuwene proses pamulangan ing siklus I, aktivitas siswa isih kalebu kriteria kurang banget yaiku ing rentang 50%-59%. Katitik saka asil observasi kang nuduhake cacah skor 23 lan rata-ratane 2,87. Sawise dietung prosentase, pranyata aktivitas siswa ing siklus I mung antuk 57,5%. Panliti nindakake revisi kanthi pangetrapan medhia dolanan tebak aksara ing siklus II. Sawise diobservasi, aktivitase siswa

nuduhake ana owah-owahan. Kabukti saka asil observasi kang nuduhake cacah skor kasil nggayuh 33 lan rata-ratane 4,12. Prosentase kang kasil diolehake yaiku 82,5% ing ngendi prosentase kasebut kalebu ing rentang 80%-89% utawa kriteria cukup. Siswa kang sadurunge durung siyap kanggo nampa pelajaran, isin-isin kanggo takon marang gurune, wiwit wani takon lan percaya diri kanggo ndemonstrasikake garapane.

- (3) Kawasisan nulis aksara Jawa kanthi sandhangan swara siswa kelas VIII-B SMPN 3 Ngunut nuduhake anane undhak-undhakan biji sawise diwenehi medhia dolanan tebak aksara. Bab iki kabukti saka asil tes ing saben-saben siklus. Asil tes ing siklus I nuduhake siswa kang durung nggayuh biji KKM yaiku ana 15 siswa, saka cacah total sakelas 34 siswa. biji paling endhek 50 lan paling dhuwur sing kasil digayuh 85. Biji rata-ratane 69,7. Sawise diwenehi medhia dolanan tebak aksara ing siklus II, wiwit nuduhake anane undhak-undhakan. Ing patemon sadurunge cacah siswa kang durung tuntas KKM ana 15, ing siklus II suda kari 6 siswa sing durung tuntas. Biji paling endhek 60 lan paling dhuwur 86 kang sadurunge mung 85. Biji rata-rata kelas mundhak dadi 80,08.

5.1 Pamrayoga

Sawise ditindakake penelitian tindakan kelas kanthi ngecakake modhel pamulangan langsung marang siswa kelas VIII-B SMP N 3 Ngunut, mula pamrayoga kang diwenehake panliti ing antarane ;

- (1) Tumrap Guru
Guru diajabake tansah gelem inovatif sajrone medharake materine. Pangetrapan medhia dolanan tebak aksara sajrone kawasisan nulis aksara Jawa lan sandhangan swara perlu ditindakake ing pelajaran liyane.
- (2) Tumrap siswa
Medhia dolanan tebak aksara bisa ngundhakake aktivitas lan kawasisan nulis mawa aksara Jawa, kajaba iku uga bisa nuwuhake motivasi sinau lan rasa percaya dirine siswa kanggo nyoba.
- (3) Tumrap pamaca
Asile panliten iki kaajab bisa kanggo nambah kawruh para pamaos. Panliten kanthi medhia dolanan tebak aksara uga diajab bisa dadi sarana tumrap panliti sabanjure kanthi materi utawa mata pelajaran sing beda.

KAPUSTAKAN

- Akhadiah, Surbakti dkk. 1997. *Menulis*. Jakarta: Depdikbud
- Aqib, Zainal. 2008. *Penelitian Tindakan Kelas untuk Guru SD, SLB, dan TK*. Bandung: CV Yrama Widya
- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta

Arikunto, Suharsimi. 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta

IMD Yanuarta. 2008. *Pembelajaran Lewat Aksara*. Diakses saka [Http://www.yanuar.kutakurik.com](http://www.yanuar.kutakurik.com) tanggal 23 Nopember 2008

Kunandar. 2008. *Langkah Mudah Penelitian Tindakan Kelas sebagai Pengembangan Profesi Guru*. Jakarta: PT Rajagrafindo Persada

Majid, Abdul. 2007. *Perencanaan Pembelajaran: Mengembangkan Standar Kompetensi Guru*. Bandung: Rosdakarya

Mulyasa, E. 2007. *Menjadi Guru Profesional: Menciptakan Pembelajaran Kreatif dan Menyenangkan*. Bandung: Rosdakarya

Padmosoekotjo. 1989. *Wewaton Panulise Basa Jawa Nganggo Aksara Jawa*. Surabaya : PT citra Jaya Mukti.

Riyadi, Slamet. 1996. *Ha-Na-Ca-Ra-Ka: Kelahiran, Penggunaan, Fungsi, dan Makna*. Yogyakarta: Yayasan Pustaka Nusatama

Sedyawati, Edi. 2001. *Sastra Jawa: Suatu Tinjauan Umum*. Jakarta: Balai Bahasa.

Slamet, St.Y. (2008). *Keterampilan Berbahasa Indonesia*. Surakarta : UNS Press

Sudiana, Nana. 1989. *Dasar-dasar Proses Belajar Mengajar*. Bandung: Sinar Baru Algensindo

Tarigan, Henry Guntur. 2008. *Menulis sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Penerbit Angkasa

Tim Jarlit BAPEDA DIY. 2004. *Pemberdayaan Bahasa, Sastra, Budaya, dan Aksara Jawa melalui Jalur Formal dan Nonformal dalam Era Multikultur di DIY*. Laporan Penelitian. Yogyakarta: BAPEDA Propinsi DIY

Tim Penyusun Balai Bahasa Provinsi Jawa Tengah. 2008. *Pedoman Penulisan Karya Ilmiah*. Semarang: Balai Bahasa Provinsi Jawa Tengah.

www.trullyjogja.com. 2007. *Aksara Jawa, Cikal Bakal Sejarah Jawa*. Diakses tanggal 23 Nopember 2008